



Pou Piblikasyon Imedya: 04/10/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN PWOJÈ DEVLOPMAN ITILIZASYON MIKS TRANSFÒMATÈ KI KOUTE 425 MILYON DOLA NAN BROOKLYN

Konplèks The Fountains lan gen ladan 1,163 apatman abòdab, ki bay sipò epi ki efikas pou enèji atravè sis bilding rezidansyèl

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a achèvmann The Fountains, yon gwo pwojè transfòmatè 425 milyon dola sou sit ansyen Sant Devlopmanal Brooklyn (Brooklyn Developmental Center) Eta a ki nan Lès New York. Reyamenajman 2,43 ekta sa a gen ladan 1,163 kay nan pri abòdab atravè plizyè bilding, apeprè 22,000 pye kare espas komèsyal ak yon nouvo sant komèsyal piblik. 192 apatman rezève kòm lojman sipò pou adilt ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmanal.

"The Fountains reprezante angajman nou pou bay opòtinite egal pou chak ak tout Nouyòkè epi konplèks sa a ale odela pou bay kalite, pri abòdab ak aksè epi resous ki nesèsè pou viv lavi ki sen ak reyisi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Devlopman ki gen itilizasyon misk sa a bay lojman, sèvis ak ekipman ki pral re-enèjize kominote a ak bati yon pi bèl avni men espesyalman pou rezidan ki pi vilnerab nou yo".

Li te ouvri nan kòmansman nan ane 1973 kòm yon sant swen rezidansyèl ak tretman pou moun ki gen andikap entelektyèl ak devlopmanal, Sant Devlopmanal Brooklyn 14 ekta a te fèmen an 2015 akòz yon chanjman nan règleman lojman nasyonal la pou lojman sipò entegre.

Pwopriyete eta ki te dezafekte an, ke yo te achte atravè pwosesis apèl dòf konpetitif Empire State Development lan, se Arker Companies ki te konstwi li. Arker Companies te peye 10 milyon dola pou pwopriyete a, ki te posede anvan sa pa Otorite Dòmitya a nan Eta New York.

Konstwi sou plizyè faz, konplèks The Fountains lan gen ladan 1,163 apatman atravè sis bilding rezidansyèl. Pifò apatman yo nan pri abòdab pou fanmi ki ap touche 60 pousan nan Revni Mwayen Zòn lan (Area Median Income, AMI) oswa pi ba avèk 85 kay pou fanmi k ap touche jiska 100 pousans AMI. Gen 200 apatman ki rezève pou adilt ki gen 62 ane oswa plis.

192 kay atravè konplèks la rezève pou adilt ki gen andikap entelektyèl oswa devlopmanal ki pral jwenn aksè ak sèvis sipò sou plas Block Institute bay. Biwo pou Moun Ki Gen Andikap Devlopmanal yo nan Eta New York (New York State Office for

People with Developmental Disabilities) ap bay finansman pou sèvis ak sibvansyon lwaye yo. Anplis de sa, OPWDD pral lwe espas biwo nan konplèks la.

Konplèks la gen ladan tou Schroeder's Walk, yon nouvèl sant komèsyal piblik ki mezire yon demi ekta ki pwolonje sou Schroeder's Avenue pou pyeton yo. The Fountains genyen tou 21,700 pye kare nouvo espas komèsyal nan premye etaj ak pakin ki pa nan lari.

Sis bilding ki fini yo gen ladan:

- Yon bilding sis etaj ki nan 11629 Seaview Avenue epi ki gen 65 apatman nan pri abòdab. 17 inite rezève pou adilt ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopmanal. 10 apatman totalman aksesib ak adapte pou rezidan ki gen pwoblèm mobilite, tande oswa vizyon.
- Yon bilding nèf etaj nan 911 Erskine Street avèk 267 apatman nan pri abòdab. 67 apatman rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopmanal.
- Yon bilding sèt etaj nan 10 Schroeder's Walk avèk 200 apatman pou rezidan ki gen 62 ane ak plis epi 11,100 pye kare espas komèsyal nan premye etaj la. 60 apatman rezève pou moun aje ki nan sityasyon sanzabri yo.
- Yon bilding nèf etaj nan 702 Vandalia Avenue, avèk 65 apatman nan pri abòdab. 13 kay rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopmanal. 10 apatman totalman aksesib ak adapte pou rezidan ki gen pwoblèm mobilite, tande oswa vizyon.
- Yon bilding nèf etaj nan 881 Erksine Street avèk 144 apatman nan pri abòdab. Ventnèf kay rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopmanal. Premye etaj la gen 10,600 pye kare espas komèsyal.
- Yon bilding nèf etaj nan 894 Fontain Avenue avèk 422 apatman nan pri abòdab. Gen 85 apatman pou fanmi k ap touche jiska 100 pousans AMI. Swasant sis kay rezève pou granmoun ki gen andikap entèlektyèl oswa devlopmanal.

Tout sis bilding yo te konstwi pou satisfè estanda Enterprise Greenn Community epi gen ladan karakteristik ki efikas pou enèji tankou aparèy elektwo-menaje, sistèm chofaj ak èkondisyone, ak ekleraj ki gen etikèt ki make Energy Star.

The Fountains sitiye toupre transpò piblik, Shirley Chisholm State Park, santye bisiklèt yo ak resous nan kominote a tankou boutik episri, pak, lekòl ak lòt etablisman vant an detay.

Finansman Eta a pou The Fountains gen ladan plis pase 216 milyon dola nan resous ki soti nan Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York. OPWDD, Otorite Rechèch ak Devlopman nan Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) ak Depatman Prezèvasyon ak Devlopman Lojman Vil New York la (New York City Department of Housing Preservation and Development, HPD) te bay sipò sipleman tè.

The Fountains konplete inisyativ Vital Brooklyn eta a ki evalye a 1.4 milya dola ki vize ak investi nan uit zòn entegre, sòti nan swen sante pou rive nan lojman, etabli yon nouvo estanda pou rezoud pwoblèm diferans ekonomik kwonik ak rasyal nan kominote ki gen anpil bezwen nan Brooklyn yo. Inisyativ Vital Brooklyn lan pral kreye 4,000 lojman abòdab nan katye Brooklyn Santral yo. Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te investi 2.5 milya dola nan Brooklyn ki te kreye oswa prezève prèske 12,000 lojman abòdab.

RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR la, te deklare, "The Fountains se egzanp pafè vizyon nou pou yon devlopman lojman nan pri abòdab ki mennen nan yon pi gwo opòtinite, egalite ak dirabilite. Avèk apeprè 1,200 apatman, devlopman 425 milyon dola a te byen konsevwa pou fòje yon kominote an sante, divèsifye ak aksesib pou moun tout laj, kapasite ak mwayen. Se yon testaman pou vizyon ak pèsèverans Sol Arker ke pwojè transfòmasyon sa a te konkretize pi pasyon li pou konstwi bèl kay nan pri abòdab prezan nan chak detay. Nou rekonesan pou Arker Companies ak anpil patnè nou yo nan gouvènman eta a ak lokal yo dèske yo fè vizyon pataje nou an tounen yon reyalite".

Direktè Operasyon ak Komisè Egzekitif Adjwen Empire State Development (ESD) a, Kevin Younis, te deklare, "Empire State Development fyè pou fè patenarya avèk lòt ajans yo nan eta a pou revitalize kominote yo avèk opòtinite devlopman - soti nan lojman rezidansyèl rive nan antrepriz komèsyal. Transfòmasyon etablisman nan eta a ki pa te byen itilize pou pi byen reponn ak bezwen aktyèl kominote sa a pral katalize devlopman lokal, bay sèvis enpòtan ak avantaj nan katye a, epi ede fanmi Brooklyn yo atenn sekirite ekonomik ak establi".

Komisè HPD a Louise Carroll te deklare, "Plis pase yon milye kay nan pri abòdab te disponib sou entènèt nan kad devlopman The Fountains lan nan yon moman kote chak kay nan pri abòdab konte. Pandan n ap fè presyon pou gen plis lojman abòdab, se pwojè tankou sa yo, ki sèvi prensipalman fanmi ki gen revni ba ak moun ki bezwen swen sipò yo, ki ap vini pi enpòtan ke sa te janm ye. Mwen felisite patnè nou yo nan Arker Companies, New York Empire State Development, ak New York Homes ak Community Renewal Development dèske yo pèmèt devlopman sa rive fèt".

Senatè Roxanne J. Persaud te deklare, "Avèk apeprè yon tyè nan 1,163 nouvo kay ki rezève pou adilt ki gen 62 ane ak plis yo (200 inite) ak adilt k ap viv avèk andikap entèlektyèl ak devlopmanal yo (192 inite), pwojè sa a trè reyaktif ak bezwen lokal pou lojman pèmanan, sekirite ak abòdab, patikilyèman pou Nouyòkè vilnerab yo. Mwen fyè pou m kanpe isit la avèk bon gwoup patnè piblik-prive yo epi pa ka tann pou travay avèk ou pou pote plis inite abòdab nan 19yèm Distri Sena a".

Prezidan Minisipalite Brooklyn a, Eric Adams, te deklare, "Devlopman The Fountains lan pral bay lojman estab ak abòdab pou moun ki plis bezwen li. Mwen fyè pou sipòte pwojè sa a kòm prezidan minisipalite, nan mete aksan sou nesèsite pou priyorize sila yo ki gen risk pou deplase nan Lès New York ak zòn Brownsville yo. Bay sèvis sipò sou plas pou rezidan ki gen andikap entèlektyèl ak devlopmanal yo se yon

etap enpòtan tou pou bay moun ki gen andikap yo anviwònman ki estab ak pwopis epi mwen rekòmande lòt devlopman yo pou swiv modèl sa a pou asire nou satisfè bezwen popilasyon vilnerab sa a. Mwen remèsye patnè nou yo nan Vil la ak Eta a dèske yo pèmèt pwojè nesèsè sa tounen yon reyalyte".

Alex Arker, Direktè Arker Companies, te deklare, "Se yon moman enkwayab pou kominote lojman abòdab nou an. Nou fyè pou nou travay ansanm ak patnè nou yo, ESD, HCR ak HPD, pou ouvri The Fountains epi bay yon lojman ki sekirite, estab pou plizyè milye Nouyòkè. The Fountains te revitalize sit sa a avèk apeprè 1,200 apatman, sèvis sipò ak yon sant komèsyal piblik ak lòt ankò. Pandan nou toujou ap eseye rekipere anba pandemi COVID-19 la, se yon onè pou fè pati pa nou nan ede Nouyòkè yo ki bezwen li plis".

Scott Barkin, Direktè Egzekitif Jeneral Block Institute, te deklare, "Pandan apeprè 60 ane, Block Institute te devwe pou devlope pwogram ak sèvis pou sipòte moun ki gen andikap entèlektyèl ak devlopman yo pou Kominote Brooklyn lan. Pwojè The Fountains Seaview la reprezante premye patisipasyon Block Institute nan devlopman an ak sipòte pwojè lojman abòdab nan Vil New York. Travay nou chita sou misyon, li siyifikatif epi gratifyan anpil. Pandan nou wè pwojè sa a k ap fini ak obsève rèv moun yo k ap reyalyze, nou pa ka tann pou opòtinite alavni yo pou nou fè patenarya avèk Arker epi kontinye travay sa a".

Doreen M. Harris, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral, NYSERDA te deklare, "Transfòme sit ki pa te byen itilize yo pou tounen espas kominotè ki bay sipò ki asosye lojman abòdab avèk sèvis ak ekipman sou plas montre enpak patenarya piblik-prive kapab genyen nan kad tranzisyon global Eta a pou yon ekonomi ki net nan kabòn. The Fountains ap bay kèk nan rezidan ki pi vilnerab yo lojman sen, sekirite ak efikas pou enèji epi NYSERDA fyè dèske li te ofri sipò pou pwojè sa a".

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)